

Konsèy Jistis Anviwònman an


Reyinyon #22 • 30, Oktòb 2025 • 6:30 pm



LOJISTIK

- ➔ Entèpretasyon Langaj disponib nan lang sa yo: Español, Kreyòl Ayisyen, 普通话, Português, Tiếng Việt, ak American Sign Language (ASL)
 - To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
 - Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”
 - Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”
 - Pa partisipa na Kriolu, klika na íkone "Intirpretason" y silisiona "Cape Verdean Creole"
 - Pou rantr nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”
 - 要以普通话参加会议，请单击口语图标并选择 “Chinese”.
 - Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.

- ➔ Tanpri pale dousman.
- ➔ Tout patisipan yo dwe seleksyone yon chanèl nan lang yo, menm si w ap gade prezantasyon an an Anglè.



- ➔ Si w ta renmen yon vèsyon tradiksyon prezantasyon EJC a, tanpri ale sou sit web EJC a nan: <https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-council-ejc-meetings>

REYINYON SA A ANREJISTRE



Konsèy Jistis Anviwònman an

Reyinyom #22

Jedi, 30 Oktòb, 2025, 6:30 pm

An Pèsòn lokal: Leominster, MA

Leominster City Hall Auditorium

25 West St, Leominster, MA



Lojisyèl ak Ajanda


Lojistik

➔ Entèpretasyon Langaj disponib nan lang sa yo: Español, Kreyòl Ayisyen, 普通话, Português, Tiếng Việt, ak American Sign Language (ASL)

- To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
- Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”
- Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”
- Pa partisipa na Kriolu, klika na íkone "Intirpretason" y silisiona "Cape Verdean Creole"
- Pou rantre nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”
- 要以普通话参加会议，请单击口语图标并选择 "Chinese".
- Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.

➔ Tanpri pale dousman

➔ Tout patisipan yo dwe seleksyone yon chanèl nan lang yo, menm si w ap gade prezantasyon an an Anglè.



➔ Si w ta renmen yon vèsyon tradiksyon prezantasyon EJC a, tanpri ale sou sit web EJC a nan: <https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-council-ejc-meetings>

➔ Tout liy yo ap sou silans pandan prezantasyon an.

➔ Liy nan ap ouvri pou komantè aloral aprè prezantasyon an.

➔ Si w gen kesyon ki bezwen klarifikasyon oswa yon pwoblèm lojistik oswa teknikl pandan prezantasyon an, ekri l nan bwat Q&A a.



➔ Kontakte dirijan reyinyon an **Kecil John** nan meetings@erg.com si w ta gen yon pwoblèm teknik oswa kesyon.



REYINYON SA A ANREJISTRE

Ajanda

▪ Rezime Jeneral Reyinyon an, Lojistik ak Ajanda
▪ Prezans ak Apwobasyon Minit Dènye Reyinyon EJC a
▪ Kesyon ak Kòmantè Piblik la
▪ MassEnviroScreen
▪ Mizajou sou MassSave
▪ Kesyon ak Kòmantè Piblik la
▪ Repons a Kòmantè yo (Lè sa Apwopriye)
▪ Pwochen Etap yo epi Nou Fini



Apwobasyon minit 12 Jen, 2025, Minit Reyinyon yo & Prezans/Apèl: Manm Konsèy EJ

- Kalila Barnett
- Madeline Fraser Cook
- Melissa Harding-Ferretti
- Cheryll Holley
- Caroline Hon
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Peter Maathey
- María Belén Power
- Sofia Owen
- Jen Salinetti
- Patricia Spence
- Ari Zorn
- Miles Gresham

Kòmantè Piblik ak Kesyon yo

*Tanpri, limite chak kòmantè a de (2) minit pou
lòt moun ka gen chans pale*

MassEnviroScreen



Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of
Energy and Environmental Affairs

Apèsi sou MassEnviroScreen (*Vèsyon Bouyon*)


Biwo Jistis ak Ekite Anviwònman an

30 Oktòb, 2025



Kisa MassEnviroScreen nan ye?

- MassEnviroScreen lan se yon zouti kat jewografik ki bay chak gwoup blòk resansman nan Massachusetts yon nòt chaj kimilatif.
- The Zouti kat jewografik la itilize yon ansanm de enfòmasyon sou anviwònman an, sante, klima, ak sosyoekonomik pou idantifye kominote ki pi afekte pa polisyon epi ki pi vilnerab a efè li yo.
- Yo kreye metod/zouti sa a pou li ka:
 - Transparan
 - Ekitab
 - Kolaboratif



Kontèks Règleman sa a: Lwa Klima 2024 la

YON LWA KI FÈ PWOMOSYON POU REZO ENÈJI PWÒP, KI AVANSE EKITE AK KI PWOTEJE MOUN KI KONTRIBYE NAN PEYE TARIF SA YO

- Etablisman fòmèl Biwo Jistis ak Ekite Anviwònman an nan yon lwa, pou aplike prensip jistis anviwònman an, jan sa defini nan seksyon 62 chapit 30 an, nan fonksyònman chak biwo ak ajans ki anba biwo egzekitif la.
- OEJE responsab pou devlope gid konsènan akò benefis kominotè ak analiz enpak kimilatif.
- Komisyon Sitasyon Enstalasyon Enèji (EFSB) a dwe pwoklame règleman pou analiz enpak kimilatif la kòm yon pati nan revizyon enstalasyon lokal yo, gwo enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp ak ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp.
- **MassEnviroScreen** pral yon zouti done fondamantal pou sipòte travay sa a

Poukisa nou Mezire Enpak Kimilatif

Nan objektif deba sa a, yo itilize tou de (2)Enpak Kimilatif ak Chay Kimilatif la yon fason ki idantik .

- **Enpak Kimilatif** la pale de totalite ekspozisyon a konbinezon faktè estrès chimik ak non chimik ak efè yo sou lasante ak rezilta yon vi ki gen kalite.
- Kominote atravè Massachusetts yo fè eksperyans diferan nivo estrès anviwònmantal.
- Anpil zòn fè fas ak plizyè chay ki sipèpoze, tankou polisyon, inondasyon, ak resous ki limite.
- MassEnviroScreen bay yon sèl zouti aksesib piblikman ki montre kote chay kimilatif sa yo egziste.

Kijan yo te Devlope Zouti sa a

- Devlopman sa a se te yon efò kolaboratif dirije pa OEJE, an kolaborasyon tèt kole avèk:
 - Ajans leta ak ekip GIS
 - Ekspè akademik ak sante piblik
 - Òganizasyon kominotè ak defansè jistis anviwònman an
 - Gouvènman tribi ak reprezantan endijèn yo
- Pwosesis la te iteratif ak kolaboratif, fòme atravè done ak eksperyans moun viv deja.
- Objektif la se yon zouti ki reflete divès reyalyte kominote Massachusetts yo.
- Zouti a aktyèlman nan faz preparasyon - OEJE ap amelyore endikatè yo, teste rezilta yo, epi rasanble fidbak/ide piblik la.




Konpozan MassEnviroScreen yo

Zouti a baze sou CalEnviroScreen eta California a – ki adapte pou Massachusetts.

- Endikatè MassEnviroScreen yo divize an senk gwo konpozan — ekspozisyon anviwònman an, efè anviwònman, risk klima, popilasyon ki sansib/vilnerab yo, ak faktè sosyoekonomik.
 - Endikatè **Ekspozisyon Anviwònman** yo baze sou mezi diferan kalite polisyon ke moun ka antre an kontak avèk yo.
 - Endikatè **Efè Anviwònman** yo baze sou kote pwodui chimik toksik yo ye nan oswa toupre kominote yo.
 - Endikatè **Risk Klima** yo baze sou ekspozisyon a danje klimatik yo.
 - Endikatè **Popilasyon ki Sansib/Vilnerab** yo mezire kantite moun nan kominote ki ka afekte pi grav pa polisyon oswa danje klimatik akòz de sante yo.
 - Endikatè **Faktè Sosyoekonomik** yo se kondisyon ki ka ogmante estrès moun oswa fè li difisil pou moun viv yon lavi ki an sante epi lakòz yo vin pi vilnerab a efè polisyon an.

Endikatè Bouyon MassEnviroScreen yo



Modèl Metodoloji a

- Modèl la:
 - Itilize pèsantil (0 – 100) pou bay nòt pou chak endikatè nan yon gwoup blòk resansman.
 - Itilize yon sistèm nòt kote yo kalkile mwayèn pèsantil yo pou yon ansanm de endikatè ki nan chak grenn senk konpozan yo.
 - Endikatè yo konbine an de (2) mezi konpoze:
 - Polisyon ak Chaj Klima = Ekspozisyon Anviwònman + Efè Anviwònman + Risk Klima
 - Karakteristik Popilasyon = Popilasyon ki Vilnerab + Faktè Sosyoekonomik yo
 - Apre yo fin bay nòt pou konpozan yo nan Polisyon ak Chaj Klima a oubyen Karakteristik Popilasyon an, yo konbine nòt yo nan fason sa a pou kalkile Nòt MassEnviroScreen jeneral la:




Idantifye Zòn ki gen Chaj/difikilte yo

- **Zòn an Difikilte yo** se kominote kote gwo nivo estrès anviwònman an kwaze ak gwo nivo vilnerabilite sosyal
- Yo deziyen yon kominote kòm yon **Zòn ki nan Difikilte** lè yo ranpli youn oubyen tou de (2) kritè sa yo:
 - Nòt chaj/difikilte pèsantil kimilatif la (e.g., MassEnviroScore) sou 75 oswa plis pase sa, OUBYEN
 - Revni medyàn anyèl yon kay se 65 pousan oswa mwens pase revni medyàn anyèl yon kay nan tout eta a
- Mete aksan sou Zòn ki Anba Chaj/Difikilte yo ede gide plis analiz, planifikasyon ak angajman.



MassEnviroScreen: Kat Jewografik Zòn ki Anba Difikilte/Chay yo



34.5% nan Gwoup Blòk Resansman nan eta a ranpli kritè pou Zòn ki An Difikilte yo.

Kijan MassEnviroScreen Sipòte CIA – epi Ale pi Lwen toujou

■ MassEnviroScreen lan te fèt pou:

- Sipòte fondasyon pou Analiz Enpak Kimilatif (CIA) lè w idantifye zòn ki fè fas ak plizyè difikilte/chay anviwonmantal, sante, ak sosyoekonomik.
- Amelyore transparans lè w montre kijan faktè estrès anviwonmantal ak sosyal yo sipèpoze nan kominote yo.
- Mete aksan sou Zòn ki An Difikilte yo pou yon revizyon pi pwofon pandan pwosesis pou chwazi sit/lokal ak pèmi.
- Bay enfòmasyon nan deba ki pi elaji sou jistis anviwonmantal ak ekite nan tout ajans ak pwogram yo.

■ Zouti sa a pa:

- Detèmine desizyon pou pèmi yo – se yon zouti verifikasyon, se pa yon sistèm nòt pou apwobasyon yo.
- Pa ranplase Rapò CIA a ki egzije done espesifik pou chak sit, pou chak pwojè.
- Defini tout zòn ki afekte pa enjistis anviwonman an oswa risk anviwonmantal espesifik.

■ Gade pou pi Devan:

- Konsepsyon zouti a fleksib – pandan n ap amelyore li, n ap eksplòre kijan li ka sèvi tou de (2) aplikasyon règleman an ak aplikasyon kominotè.

Kijan w ka Angaje/Patisipe epi Pwochen Etap yo

- **Angaje/Patisipe nan zouti sa a epi bay opinyon w**
 - Patisipe nan reyinyon piblik ak sesyon pou bay fidbak/opinyon w
 - Revize epi fè yon kòmantè alekri sou aplikasyon entènèt ak endikatè yo
 - Pataje konesans lokal: done ki manke, eksperyans moun te viv, oswa priyorite
 - Fidbak/Opinyon w ede fè zouti a egzat, ekitab, epi pratik.
- **Pwochen etap yo pou nou inove MassEnviroScreen:**
 - Kontinye amelyore done ak endikatè yo
 - Amelyore karakteristik kat jewografik, itilite, ak vizyalizasyon yo
 - Entegre kontribisyon/opinyon piblik la nan vèsyon final la
 - Pibliye yon zouti ki finalize ak tout dokiman yo

Mèsi

Ou ka jwenn enfòmasyon sou règleman yo, pwosesis la ak opòtinite pou angajman piblik la nan: www.mass.gov/energypermitting. Ou kay ekri kesyon yo bay ej.inquiries@mass.gov.

Mizajou sou Mass Save



Mass Save - Yon Fokis sou Inisyativ Ekite

30 Oktòb, 2025

Elizabeth Mahony
Commissioner



Mass Save ak Fokis sou Ekite

Entwodiksyon

Enfòmasyon Debaz- Plan Estriktirèl Debaz la

Analiz Pwofon sou Sektè Sa a ak Pakou Kliyan yo

Mansyone Nouvo Inisyativ yo pnan ane 2025-2027 Plan Twa-Ane

Apendis

Plan Estriktirèl Debaz



Sektè Rezidansyèl

Elijibilite/Kalifikasyon:

Revni ki Modere (61-80% AMI/SMI)

Tarif Mache a (>80% AMI/SMI)


Pakou Pwogram nan:

Metòd ki Prè- Sa ki enkli mezi ak inisyativ ki gen pri fiks ak/oswa kontraktè espesifik.

Rabè- sa ki enkli tout òf rabè ak ponp chofaj preskriptif atravè HPIN nan

Nouvo Kay ak Gwo Renovasyon - sèlman sipòte tout nouvo konstriksyon elektrik; rabè yo bay pou kay ki gen gaz ki deja egziste nan yon sitiyasyon limite pou gwo renovasyon.

Solisyon Konekte- sa ki enkli tout deman nan pwogram repons/entèvansyon sa a.



Sektè Rezidansyèl

Chanèl pou Livrezon

Rezo Enstalatè Ponp Rechaj

- Yon rezo kontraktè ki resevwa sipò ak fòmasyon (sa ki enkli machann pewtòl ak pwopan ki rekrite).
- Sa ki enkli yon rezo "Lidè" pou distenge kontraktè kalite siperyè k ap bay sèvis ekstraòdinè.
- OnlineBaz done anliy ke yon moun ka fè rechèch entènèt sou HPIN, ak plis pase 1800 enstalatè
- Kliyan yo ka kontakte dirèkteman kontraktè HPIN nan, enstale ponp rechofaj ki kalifye epi resevwa yon rabè atravè kontraktè a oswa dirèkteman avèk Mass Save.

Kontraktè Pèfòmans Kay

- Kontraktè endepandan ki ka bay tout sèvis tankou Evalyasyon Enèji nan Kay, izolasyon tanperati ak ponp chofaj..
- Fè maketin dirèkteman pou angaje epi jwenn kliyan
- 24 HPCs k ap fonksyone kounya la

Vandè Antèt la

- Bay Evalyasyon Enèji Kay
- Sipèvize Kontraktè Izolasyon Endepandan yo (83 IIC ki gen akò patisipasyon)
- Livre Sèvis metòd ki Prè
- Reyalize enspeksyon QA/QC
- Rete kòm yon resous alontèm pou kliyan yo

Rabè Atravè Mèl

- Pwosesis rabè atravè lapòs ki baze sou kliyan
- Rabè pwodwi ki kalifye sou entènèt oswa nan pwen acha nan magazen an
- Pwosesis Rabè atravè vandè a


Pakou Kliyan Rezidansyèl

Revni ki Modere- Metòd ki Prè

Etap 1

Kliyan yo antre nan pwogram nan tout ane a pa plizyè mwayen.

- Kontakte Mass Save dirèk(kominike aloral, maketin, fè rechèch—MassSave.com)
- Referans nan men Premye Patenarya Kominote a (CFP)
- Kontraktè pou Pèfomans nan Kay yo



Etap 2

Konplete Evalyasyon Enèji Kay la



Etap 3

Verifye elijiblite revni yo



Etap 4

Vandè antèt la sèvi kòm antreprenè jeneral: li fè òf pou travay, li kontwole depans yo, epi li bay yon sèl pwen kontak pou kliyan an.

- Reparasyon baryè pre-tanperati ak pre-elektrifikasyon Lè sa nesesè
- Tanperati (entanchèt lè a ak izolasyon)
- Enstalasyon ponp chofaj
- Chofe dlo ponp chofaj la jan yo te enfòme w la



Etap 5

Enspeksyon pou asire kalite apre enstalasyon



Etap 6

Kliyan an Kontan!



Sektè Revni ki Elijib

Elijibilite/Kalifikasyon:

< 60% SMI

Egzijans Bezwen Bidjè Legal Aktyèl la: omwen 10% nan bidjè elektrisite a ak 20% nan bidjè gaz la

Pakou Pwogram yo:

Imèb Yon Sèl Fanmi (1-4 chanm/inite)

Imèb Milti Familyal (5+)

Renovasyon Enèjetik Pwofon Imèb Milti Familyal



Sektè Revni ki Elijib

Chanèl pou Livrezon

Pakou Vandè ANTÈT la ak Ajans Aksyon Kominotè

- Egzijans legal pou CAP yo enplimante nan pwogram IE a
- 23 Ajans nan tout eta a
- LEAN sèvi kòm administratè pou tout CAP yo:
 - Kowòdone pou CAP yo avèk PA yo ak HLC a.
 - Jere Sant Sèvis Kliyan IE nan tout Eta a
 - Jere pwogram Milti Familyal IE yo
- Kliyan yo angaje dirèkteman ak CAP yo OSWA CAP yo kontakte kliyan ki gen to rabè yo idantifye.
- Chak PA gen yon Vandè Antèt ki se yon CAP tou, pa egzanp, ABCD se LV (vandè A.) pou Eversource.
- Gen kontraktè deziyen k ap travay avèk chak LV/CAP pou bay kliyan yo travay efikas.

Kontraktè pou Pèfòmans Kay


- Apati de Plan 2022-2024 la, HPC yo te otorize pou sèvi kliyan IE nan bilding 1-4 inite/chanm.
 - HPC yo pwodui kounya anviwon 50% de pwodiksyon IE a
- Vandè antèt IE yo jere travay ki baze sou HPC a.
- HPC yo pa travay nan okenn travay ki gen finansman federal WAP oswa LIHEAP.
- HPCs ka verifye renvi kliyan yo

Kliyan ki Kalifye Selon Renvi li

Sèvis CAP la ofri yo

Pakou Kliyan an


Eksperyans Tipik Kliyan an Depi nan Admisyon Rive nan Enstalasyon



Kalifilye Selon Revni w

MODÈL JESYON PWOJÈ A

Defansè = Defann Kliyan an



Kalifye Selon Revni w



Sant Sèvis Kliyantèl pou Tout Eta a(SCSC)

- Sipòte pa Eversource, National Grid, Berkshire Gas ak Unitil.
- Kay la nan ABCD gen 10 anplwaye
- Jenere ant 1,200-1,400 pa mwa ki soti nan CFP, HPC, Minisipalite, MR, ajans leta, ak PA
- Plizyè lang
- Verifye kalifikasyon ak istwa ansyen sèvis piblik yo
- Leads (Vandè Antèt yo) distribye bay CAP ak HPC yo

SCSC Sipò Andirèk nan Lang ou:

- Arab
- Anglè
- Fransè
- Kreyòl Kapvèdyen
- Kreyòl Ayisyen
- Pòtigè
- Esanyòl
- Vyetnamyen


ABCD Anplwaye pou Sipò nan Lang ou:

- Kantonè
- Mandaren

Sektè Komèsyal ak Endistriyèl

Elijibilite/Kalifikasyon: kliyan komèsyal ki gen kontè

Pakou Pwogram nan:

- 
- 1 Nouvo Blding ak Gwo Renovasyon
 - 2 Blding ki deja egziste
 - 3 Rabè Ekipman & Sibvansyon Imedya
 - 4 Ti Biznis ki Prè/Remodifye

Komèsyal & Endistriyèl

Chanèl pou Livrezon

Ti Biznis ki Prè

- Founisè ki sou kontra a fè yon evalyasyon enèji konplè gratis, devlope pwojè, eksplike pri yo epi enstale lè kliyan an apwouve dosye a.
- Kontraktè a jere tout rapò done yo bay asistan administratè yo.
- Kontraktè a bay sèvis garanti.

Rabè Preskriptiv

- Fè rabè pa tòn pou ponp chofaj, kontwòl ekleraj, ekipman gazon elatriye.
- Nou dwe itilize yon kontraktè ki gen lisans pou enstalasyon an.
- Kliyan an soumèt rabè a bay vandè rabè a.

Rabè Kliyantèl

- Yo bay li lè karakteristik inik kliyan an, sit la oswa pwosesis la mande analiz espesifik pou pwojè a sou ekonomi enèji ak depans enstalasyon yo.
- Angaje atravè yon vandè kalifye, yon demann dirèk ak kliyan an oswa yon kontak ak yon moun ki responsab kont la.

Kont Egzekitiv

- Bay sèvis jesyon pou kliyan C&I mwayen ak gwo

Pakou Kliyan Ti Biznis C&I

Mass Saves Ti Biznis Patispasyon

**Kontakte Sponsò
Mass Save ou a
pou pwograme
yon evalyasyon
enèji gratis.**

**Yon espesyalis enèji kalifye
ap fè yon evalyasyon an
pèsòn oswa sou entènèt
sou bilding ou an, pou
idantifye mezi potansyèl
pou ekonomize enèji.**

- Amelyorasyon sistèm ekleraj, amelyorasyon sistèm HVAC, izolasyon tiyo, aeratè wobinè, ak plis ankò

**Biznis ou a ap
resevwa yon
Pwopozisyon
Ekonomi Enèji
pèsonalize ki
detaye
rekòmandasyon
efikasite enèji.**

**Mezi efikasite enèji
rekòmande yo pral
enstale pa vandè ki
kalifye nou an epi
Sponsò ou a pral
peye jiska 70
pousan.**

Kèk Nouvotè Pou 2025-2027 La

Nouvote Enpòtan: Ekite

Jistis distribitif se yon eleman enpòtan nan konsepsyon ak aplikasyon pwogram nan.

Investisman ekite ki enkonparab: \$1.78 milya dola

Sibvansyon pou lokatè: \$590 milyon dola atravè plis pwoteksyon kont move tan ak ponp chofaj nan kominote ekite yo deziyen yo.

Amelyorasyon pwogramatik pou ogmante sèvis pou kliyan ki gen revni modere, lokatè, ak ti biznis yo. :

Pwopriyete lokasyon (50% lokatè) nan kominote ekite yo deziyen yo otomatikman kalifye pou 100% sibvansyon pou pwoteksyon kont move tan, ponp chofaj, ak barye mitigasyon.

Ponp chofaj pou moun ki gen revni ki ba-modere ogmante soti nan 16,000 pou rive prèske 22,000 kay.



Nouvote Enpòtan : Kominote Ekite Nou Deziyen yo

- Investisman adisyonèl nan 21 "Kominote nou Deziyen ki baze sou Ekite" (DEC) ak yon gwo pwopòsyon pwopriyete lokasyon ak kliyan LMI
- Chwazi avèk kontribisyon enpòtan nan men EWG
- Pwopriyete lokasyon yo otomatikman kalifye pou 100% sibvansyon pou izolasyon kont move tan, ponp chofaj, ak rediksyon barye mitigasyon atravè pakou modèl ki Prè pou n itilize a.
- Tout pwopriyete 1-4 yo otomatikman kalifye pou 100% sibvansyon pou izolasyon kont move tan
- Pifò DEC yo enkli yon Patenarya Kominote An Premye



2025-2027 Kominote Ekite Nou Deziyen yo

Kritè: Yon gwo pousantaj nan LMI ak Lokatè yo

Boston (nan kèk zòn/kòd postal)

Brockton

Chelsea

Everett

Fall River

Framingham

Fitchburg

Lawrence

Lowell

Lynn

Malden

New Bedford

Oak Bluffs

Pittsfield

Quincy

Revere

Salem

Springfield

Tisbury

Woburn

Worcester


Nouvote Enpòtan : Patenarya Kominote An Premye

Yon rapèl sou 2022 – 2024:

- 52 kominote te benefisye de aktivite sansibilizasyon lokal ki te òganize pa kominote a.
- 26 CFP yo sipòte kominote yo pou ede yo akonpli:
 - 98,103 Evalyasyon Enèji nan Kay yo
 - 23,932 mizajou sou pwosesis redikyon konsomasyon enèji
 - 29,388 mizajou sou echofaj ak klimatizasyon nan kay yo
 - 2,709 mizajou efikasite enèji pou ti biznis yo (pandan 2023)
- CFP yo te resevwa jiska \$60,000 nan finansman anyèl, ak sipò maketing ak teknik.

Pou 2025-2027:

- Ogmantasyon finansman (jiska \$80,000)
- Amelyorasyon aksè a done
- Sipò pou efò CFP yo pou ankouraje plis evalyasyon ti biznis
- Kapasite pou pèsone materyèl maketing; sipò nan plizyè lang
- 58 CFPS ap sèvi plis pase 60 kominote



2022 Cohort



2023 Cohort

2025-2027 Patenarya Kominote An Premye

Acton
Amesbury
Andover
Arlington
Attleboro
Aquinnah
Beverly
Boston (the city and
Boston Climate Action
Network)
Brockton
Brookline
Cambridge
Chelmsford
Chelsea
Chilmark
Easthampton
Edgartown
Everett
Fall River

Framingham
Gloucester
Lawrence
Leominster
Lexington
Lowell
Lynn
Malden
Medford
Melrose
Methuen
Nantucket
Natick
New Bedford
Newburyport
Newton
Northampton


Norwood
Oak Bluffs
Pittsfield
Plymouth
Quincy
Randolph
Revere
Salem
Sharon
Sommerville
Southbridge
Springfield
Swampscott
Taunton
Tisbury
Watertown
W. Tisbury

Westborough
Westhampton
Winthrop
Woburn
Worcester

Aksè a Lang

- PA yo te angaje yon ekspè twazyèm pati nan aksè lang pou devlope rekòmandasyon pou amelyore aksè lengwistik nan tout pwogram yo.
 - PA yo te adopte 20 nan 21 rekòmandasyon yo
 - Anpil nan rekòmandasyon fin konplete oswa toujou an pwogresyon
- PA yo evalye kapasite lang kontraktè yo epi mete ajou lis kontraktè yo pou reflekte kapasite lang yo.
- PA yo ap swiv preferans lang lè kliyan yo antre nan pwogram solisyon rezidansyèl yo.
- Tradiksyon sit entènèt an Espanyòl ak Pòtigè disponib, n ap travay sou lòt lang yo.
- Patenarya Kominote An Premye yo gen paj entènèt nan plizyè lang tankou Khmer ak Kreyòl KapVèd.
- Inisyativ kle kap vini yo. :
 - Sant Solisyon Mass Save nan Tout Eta a (ap lanse byento) epi li kapab sèvi kliyan yo nan 250 lang
 - Sipòte mizajou lojisyèl ki gen rapò ak tradiksyon pou vandè rezidansyèl yo
 - Rechèch ak kanpay miltikiltirèl pami moun ki pale Kreyòl Ayisyen, Mandarin ak Kantonè

HEA evolve, sou tèm dekabònizasyon



- Toujou yon evalyasyon gratis sou itilizasyon enèji nan kay la ki idantifye opòtinite ki enpòtan pou efikasite enèji ak dekabònizasyon.
- Kounye a sa enkli yon rapò trè pèsonalize, nan rekòmandasyon ak òf sibvansyon ki enpòtan, epi pwochen etap klè pou yon seri solisyon dekabònizasyon ki pi elaji.

Nouvo rapò HEA ki Amelyore a

Nouvote/Amelyorasyon Karaktesitik yo

- Plis Vizyèl
- Anrichi ak Kontni edikasyonèl
- Special Karakteristik espesyal pou lokatè ak moun ki gen yon revni modere
- Plis lyen ak resous adisyonèl
- Plan/Wout Dekabònizasyon
- Delè Nou Atann Ranplasman

Plan dekarbonizasyon ou an

1 Amelyorasyon Rediksyon Enèji

Izole epi sele kay ou a lè a se yon premye etap enpòtan pou ogmante konfò epi diminye depans chofaj ak klima..

Travay ak Espesyalis Enèji w la pou w ka:

- Adrese nenpòt aksyon kliyan an mande
- Siyen kontra izolasyon tanperati a
- Pwogram enstalasyon yo

2 Chofaj ak klimatizasyon

Ogmante konfò lakay ou lè w chanje pou yon nouvo ponp echofaj ki ekonomize enèji.

Kijan pouw demare

- Pran yon randevou pou yon Konsiltasyon Dekarbonizasyon gratis
- Sèvi ak Kalkilatis Konparezon Chofaj nou an

3 Aparèy

Kenbe momantòm nan sou otan mezi ki gen gwo enpak ke posib.

- Ponp Chofaj Chofaj Dlo
- Ponp Chofaj Machine pou Seche Rad
- Endiksyon Fou/Recho
- Aparèy pou Koupe Zèb

Pandan w ap ranplase lòt aparèy, konsidere sètifikasyon ENERGY STAR® la.

4 Renouvlab ak transpò

Panse sou dekarbonizasyon ak efikasite enèji ak nenpòt nouvo gwo acha oswa amelyorasyon kay.

- PV solè
- Depo batri
- Machin elektrik
- Chajè machin elektrik

Delè pou w atnn ranplasman

Lè w ap eseye dekarbonize, pann ekipman sanzatann ka konplike rechèch pou solisyon ranplasman ki apwopriye yo sou yon ti tan. Pi bon apwòch la se planifye davans epi ranplase ekipman anvan li kraze. Delè ki anba a dekri orè ranplasman prevwa pou ekipman, aparèy ak machin ou genyen kounye a. Kenbe nan tèt ou ke ou ka chwazi ranplase atik sa yo pi bonè pase fen lavi yo prevwa.

2025



Rediksyon Enèji : Izolasyon pwopriyete ak sele kay ou a se premye etap nan vwayaj dekarbonizasyon ou an. Aprann plis nan MassSave.com/Weatherization



Chofaj ak Refwadisman: Chanje ekipman chofaj ak refwadisman efikas, tankou yon ponp chofaj. Aprann plis nan MassSave.com/HeatPump

2026



Machin pou lave rad: Ekonomize enèji ak lajan lakay ou, pandan w ap diminye anprint kabòn ou lè w chwazi yon machin pou lave rad ki sètifye ENERGY STAR. Aprann plis nan MassSave.com/Washer



Seche rad: Chanje pou yon seche rad ki sètifye ENERGY STAR pou diminye konsomasyon enèji epi diminye omisyon kabòn. Aprann plis nan MassSave.com/ClothesDryer

2027



Recho/fou Endiksyon: Kwit manje ak chalè endiksyon fè lè manje a pi fasil ak chalè ki pi rapid, kontwòl presi, ak netwayaj fasil. Aprann plis nan MassSave.com/Weatherization

Pakou Livrezon ak Metòd ki Prè a

- Livrezon elaji pou sipòte kliyan ki gen revni modere nan tout eta a ak pwopriyete lokasyon nan kominote ekite deziyen yo.
- Kliyan yo travay ak yon founisè ou fè konfyans depi nan evalyasyon an rive nan finisman pwojè a.
 - Fasilite/jesyon pwojè de bout an bout
 - Vandè yo asiye epi jere sou-kontraktè yo (oswa kliyan an ka chwazi yo), enspeksyon kontwòl kalite apre enstalasyon an.
- Disponib pou kliyan ki gen revni modere nan tout eta a ak 1-4 pwopriyete lokasyon nan 21 DEC yo



Nouvote Enpòtan: Devlopman Mendèv & Divèsite

Angajman pou ranfòse ak divèsifye fòs Mendèv la

- Ogmante finansman pou sipòte efò mendèv Mass CEC yo
 - Finansman an ap ogmante rive nan 24 milyon dola pa ane
- Fòmasyon ak devlopman kontinyèl pou Rezo Enstalatè Ponp Echofaj yo.
- Objektif prensipal la se depanse 15% nan volim dola kontra dirèk Mass Save ak divès founisè.



Mass Save Sant Solisyon

MSSC pral ofri:

- **Sipò Konpreyansiv, nan plizyè lang** pou kliyan rezidansyèl ak ti biznis nan tout eta a pou tout òf efikasite enèji ak elektrifikasyon
- **Gid pou kliyan rezidansyèl ak ti biznis yo** nan kòmansman pakou dekarbonizasyon yo a ki vle enfòmasyon sou ki kote ak kijan pou yo kòmanse ak divès solisyon potansyèl ki disponib pou yo nan kay yo oswa nan ti biznis yo

Estaf MSSC a pral gen espesyalis pwogram nan:

- **Konesans sou tout òf Mass Save yo**, Ki moun ki ka ede ak konsèy pwogram nan, Evalyasyon Enèji Kay, Prè HEAT (Echofaj), Prè Ekonomize Enèji Bank Klima a, konsiltasyon sou dekarbonizasyon, kredi taks ki enpòtan yo, ankourajman federal yo, ak estati rabè a.
- **Fòm epi byen ekipe pou ede kliyan yo** gen aksè pou jwenn sibvansyon deyò Mass Save, tankou sibvansyon pou machin elektrik ak enstalasyon solè distribye.

Kliyan yo ap kapab:


- **Jwenn aksè ak resous konpreyansiv sa yo** atravè telefòn, chat, ak imèl

Lansman: 2025 Q4

Ponp Chofaj Echofaj Dlo Cho (HPWH) Mache Anliy

- Kesyon pre-seleksyon yo detèmine si karakteristik kay kliyan an apwopriye pou enstalasyon ak itilizasyon yon HPWH
- Kontni edikatif ki nan plizyè lang
- Rabè imedya
- Opsyon pou livrezon pwodwi, ranmasaj, oswa enstalasyon pwofesyonèl
- Kalkilatis konparezon chofaj dlo a pèmèt kliyan yo konpare pri fonksyonman HPWH ak lòt opsyon chofaj dlo ak kalite gaz

- [Ponp Chofaj Rabè Echofaj Dlo I Rezidansyèl I Mass Save](#)



Li lè pou chanje pou yon aparèy chofaj dlo ak ponp echofaj avèk yon rabè imedya nan men Sponsò Mass Save yo.

Ekonomize sou bòdwo/bil enèji ou pandan w ap satisfè bezwen dlo cho lakay ou byen fasil lè w chanje aparèy chofaj dlo elektrik ou a pou yon aparèy echofaj dlo ponp echofaj ki sètifye pa ENERGY STAR® atravè Mache Aparèy Chofaj Dlo Ponp Echofaj Mass Save la.

Konsiltasyon sou Dekabònizasyon

- Total ki konplete depi Fevriye 2024: **2,930**
- Konparezon Fakti ki te lanse an Out 2024 ak **167** konparezon fakti konplete jiska prezan
- Espesyalis ki pale Espanyòl ak Pòtigè nan anplwaye yo
- Vandè a te asosye avèk sèvis tradiksyon pou sipòte kliyan ki pale *Mandarin, Kantonè, Khmer, ak Kreyòl Ayisyen*
- Planifikasyon sou entènèt ak materyèl konsiltasyon tradui, sa ki enkli sondaj pre-konsiltasyon ak rapò pòs-konsiltasyon disponib nan senk LOTE
- Jiska prezan, rezon prensipal poukisa kliyan yo pwograme konsiltasyon se pou "eksplòre teknoloji", sitou ponp chofaj, ak yon ekspè teknik.

A Mass Save® offering

Virtual Mass Save Decarbonization Consultation

🕒 45 min

Schedule a virtual, no-cost consultation with a **Mass Save Decarbonization Specialist** to receive:

- Assistance with technical questions about electrification and decarbonization projects
- Help understanding how highly efficient electric technologies, including heat pumps, work
- Guidance on the best solutions for your home
- Information about incentives and financing

[Cookie settings](#)

Select a Date & Time

< September 2025 >

SUN	MON	TUE	WED	THU	FRI	SAT
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30				

Time zone
🕒 Eastern Time - US & Canada (3:41pm) ▼

A Mass Save® offering

Konsiltasyon Dekabonizasyon Vityèl Mass Save

🕒 45 min

Pwograme yon konsiltasyon vityèl, gratis ak yon Espesyalis Dekabonizasyon Mass Save pou resevwa:

- Asistans ak kesyon teknik sou pwojè elèktrifikasyon ak dekabonizasyon yo
- Ede konprann kijan teknoloji elektrik trè efikas, tankou jan ponp chalè mache
- Oryantasyon sou pi bon solisyon pou kay ou
- Enfòmasyon sou ankourajman ak finansman ki disponib atravè esponsò Mass Save yo

[Cookie settings](#)

Select a Date & Time

< September 2025 >

SUN	MON	TUE	WED	THU	FRI	SAT
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30				

Time zone
🕒 Eastern Time - US & Canada (10:33am) ▼

Apendis

Pwogrè Nou te Akonpli depi 2013



anviwon **350,00 kay** sa ki enk **530,000**
70,000 kay ki gen yon revni ki
ba.



Li delivre plis p **15** **153 milyon**
megawatt-èdtan (MWh) ak **4** **5.1**
milya tè nan ekonomi enèji,
ansanm a **\$34** **1 milya dola** nan
benefis total pou kliyan yo.



Sipòte enstalasyon nonp chalè nan
plis pase **75,0** **105,000** **ak biznis** (depi
2019), sa ki genenkli **3,600 kay** ki
13,00 **i revni.**
0



Envesti **1** **\$1.** **milya dola nan**
amelyorasyon ki diminye bòdwo
enèji epi amelyore sante, sekirite
ak konfò pou kay ki gen ti revni.



Rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè
tèmik (GES) **7.** **3.7 milyon tòn**
metrik ekivalan diyoksid kabòn
(CO2e), menm kantite ak retire
850,000 machin sou wout la pandan
yon ane.



Yo te bay **\$7.** **milya dola**
sibvansyon pou kliyan yo.

Pwochen Twa Ane yo



Rediksyon Enèji **163,000** kay, sa ki enkli **69,000** kay ki gen ti revni ak revni modere ak plis **49,000** chanm/inite pou lwe



Sipòte enstalasyon ponp chalè nan plis pase **87,000** kay, ki gen ladan **21,800** kay ki gen revni fèb ak modere ak plis pase **13,000** inite lokasyon.



Redui emisyon gaz ki lakòz efè tèmik yo pa **864,000 tòn metrik CO2e**.



Bay kliyan yo **8.2 milyon MWh** ak **1 milya tèm** ekonomi enèji epi **12.1 milya dola** benefis total.



Plis pase **\$1.78 milya dola nan investisman ki gen rapò ak aksyon**, sa ki enkli **\$1.2 milya dola** nan ankourajman yo peye bay kliyan ki gen revni fèb ak modere ak plis pase **\$592 milyon dola** pou lokatè.



Yo te bay sibvansyon **3 milya dola** n pou kliyan yo.

Nouvote Enpòtan: Sibvansyon Selon Pèfòmans

2025-2027 Sibvansyon Selon Pèfòman yo Pwopoze a

konpozan	Kisa ki Enkli Ladan l	% PI total la Pool (ini)	Kritè	Lòk yo dwe depase 100% nan PI konsepsyon an (125% plafon)
Ekite	Kay ti revni (pa gen aktivite ak konbistib fosil), moun ki gen revni modere, lokatè ak ti biznis nan tout eta a	50%	65%	• LMI Heat Pumps • Renter Benefits
Estanda	Tout pwodiksyon ki pa gen rapò ak aksyon	30%	60%	• Total (ki-gen model ki Prè) C&I Benefis • C&I Benefis Modèl ki Prè
Valè	Benefis total mwens depans pwogram yo, eksepte depans ki pa ka kontwole tankou finansman MassCEC	20%	75%	• Depans total ki pa sibvansyone (San evalyasyon) / Total Benefis

- Total PI Pool la fikse a \$190 milyon dola, PA yo redwi de 10% pou rive nan \$171 milyon dola
- Kritè konpozan estanda a baze sou tout pòtfolyo benefis yo, mete aksan sou enpòtans benefis ekite yo
- Lòk yo anpeche yo fè plis pase nivo ki te prevwa yo (100%) jiskaske yo fin reyalize sèten objektif.

Kòmantè Piblik ak Kesyon yo

*Tanpri, limite chak kòmantè a de (2) minit pou
lòt moun ka gen chans pale*



WHAT'S
NEXT?

Pwochen Etap & Nou Fini

Enfòmasyon sou EJC ak reyinyon
li yo disponib sou

[https://www.mass.gov/orgs/en
vironmental-justice-council-ejc](https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council-ejc)